

### Nwit Kana Yo (Nights of the Pufflings)

Halla rete sou yon zile an Islann. Yon jou, li kanpe sou yon kan mòn bò lanmè a. Li wè yon zwazo ak yon bèk koulè oranj. Se te yon **zwazo makare!** Yon ti moman apre, te gen yon pakèt zwazo konsa nan syèl la. Zwazo makare yo vin sou bò lanmè a yon fwa nan ane a apre livè. Yo **ponn** ze yo nan twou wòch. Apre sa, yo okipe ti pitit yo.


Tibebe yo kache kote ki an **sekirite**. Manman yo ak papa yo ale **peche** anpil pwason pou pote ba yo, kounye a se sezon ete, fò yo manje. Yo grandi. Apre sa yo kite kote yo te ye a pou **lapremyè fwa**. Yo eseye vole sot sou kan mòn yo pou yo lage kò yo anba nan lanmè a.



pufflin (yon kalite Kana)

Men ti zwazo sa yo gen yon pwoblèm. Yo poko konnen ki jan pou yo vole. Anpil tonbe nan ti **bouk** Halla rete a, olye yo tombe nan lanmè. Konsa yo pèdi, yo pa ka jwenn lanmè a. Pandan de semèm timoun yo dòmi trè ta nan lajounen an poutèt pou yo kab rete zye klè leswa. Halla ak zanmi l pase chak nwit ap chèche sila yo ki pa kapab ale nan lanmè a. Men nan bouk la chen ak chat ap chèche yo tou. Se yon **kous** pou wè kilès kap jwenn yo anvan. Li pa **pridan** pou ti zwazo sa yo rete la. Se poutèt sa timoun nan **zile** a ede yo! Lè li rive di zè diswa lari a trè **mouvman**te avèk timoun.

Yo pran ti zwazo yo, yo mete yo nan bwat epi yo mete bwat yo bò lanmè kote yo lage ti zwazo yo pou yo ka ale. Sa ki ka vole yo, Halla kenbe yo nan men li, e balanse yo twa fwa anvan li voye yo an lè. Konsa yo pa bezwen pè anyen. Halla di ti bèt yo orevwa epi bòn chans annatandan lòt sezon prentan.



puffin (yon kalite Kana)

## **Aktivite**

### **Mwen konprann tèks la**

1. Poukisa ou panse Halla ap gade nan syèl la?
2. Poukisa Halla ak zanmi li yo pa gade nan twou wòch yo pou ti zwazo yo?
3. Poukisa otè a eksplike paran tizwazo yo bay pitit yo manje?
4. Kijan Halla ak zanmi li yo panse pou yo mete ti zwazo yo an sekirite?
5. Pou ki sa viv pre moun kreye yon danje pou zwazo yo?
6. Kouman ou panse Halla ak zanmi li yo santi yo lè yap sekouri zwazo yo?
7. Ki sa ou panse de paran timoun yo lè yo rete deyò tout nan nwit?
8. Ki diferans ant yon fè ak yon opinyon? Chache nan istwa a de fè. Bay yon opinyon de istwa a.

### **Ann nou reflechi sou tèks la**

1. Poukisa ou panse timoun yo retounen zwazo yo nan lanmè a olye yo gade yo?
2. Kisa ki te ka rive zwazo yo si timoun yo pa t jwenn yo? Itilize detay ou jwenn nan istwa a.
3. Dekri kisa ou ta espere wè si ou ta ale vizite vil “*Heimaey island*” jou timoun yo ap pote sekou bay zwazo yo?
4. Kijan nwit nan istwa “*Nights of the Puffling*”s diferan de nwit nan “*Heimay Island*”?
5. Idantifye nan istwa a ide prensipal la. Bay detay ki sipòte chak paragraph?
6. Apre ou fin li istwa a ki rezon otè a genyen pou li ekri istwa a?
7. Fè yon rezime de istwa sa a?

## Devlopman Langaj

Signs of the Seasons:

- a) Go back to each season and help students identify activities they do during that season.

Sezon	Siyn pou Sezon an	Sa kap fèt
prentan	Fè cho, pye bwa yo gen fèy nèf	Flè kòmanse boujonnen bezbòl
ete		
otòn		
livè		

1. Ki sezon ki fè pi cho?
2. Ki lè li fè pi frèt?
3. Ki sezon prefere ou? Poukisa?
4. Ki sezon nou ye kounye a?
5. Ki sezon k ap vini apre? Ki siyn ki ka fè ou konnen sa?

b) Istwa a genyen anpil vèb – fè diferans ant vèb ki ede ak vèb ki fè yon aksyon.

c) Fè elèv yo diskite ant yo menm istwa a apre yo fini li l.


d) **Lè n ap fè generalizasyon:** Fè elèv yo konprann generalizasyon ou itilize detay pou fè li. \*Se yon fraz ki vre preske tout tan.

\* Li baze sou fè ou ka tcheke.

\* Mo ou ka jwenn tankou: souvan, anjeneral, jeneralman, pakèt, anpil, yon bann, kèk.

### Skill Focus: Ekriti

- Panse osijè de yon bèt ou panse ki bezwen ou sove l. Di kisa ou ka fè pou sove l?
- Gade foto kana a “pufflin”. Itilize foto a pou dekri kana a. Kijan li ye, bay tout detay osijè de kana a.



pufflin (yon kalite Kana)